

# PWOGRAM BYEN VIV



**Gid pou mennen dyalòg  
sou byen viv ak jèm SIDA  
Seyans Entwodiksyon**

1



**USAID | HAITI**  
ÉD PEP AMERIKEN



# PWOGRAM BYEN VIV



---

**Gid pou mennen dyalòg  
sou byen viv ak jèm**

**Seyans Entwodiksyon**

---







Kreye yon anbyans rilaks pou tout moun ka byen pa-tisipe nan pwogram nan

- *Aprann konnen yonn lòt*
- *Pwezante bwat zouti "Byen Viv" la*
- *Jwenn antant pou seyans yo mennen kòm sa dwa*



### **Dire dyalog la: 2zèdtan**

#### **Dewoulman**

#### **1- Akèyi patisipan yo byen (30 minit)**

- *Di patisipan yo bèl bonjou, swete yo byenvini nan pwogram nan*
- *Prezante tèt ou, di ki moun ou ye, ki travay wap fè, pou ki rezon ou la jodi ya, epi ki sa wap gen pou fè nan seyans yo.*
- *Prezante pwogram nan : kijan l rele, poukisa yo fè l, nan ki bi yo fè l, kilès (moun oswa òganizasyon) ki kolabore pou reyalize l, ki avantaj yon pwogram konsa gen pou patisipan yo, pou kominote a ...*
- *Eksplike patisipan yo kijan pwogram nan ap òganize: ki jan bwat zouti-a rele, ki kote li soti; kisa ki ladan-l, ki tèm nap gen pou diskite, ki objektif yo, konbyen videoyo ki genyen; konbyen fwa gwoup la ap reyini, kijan dènye seyans la ap fêt. Sonje li seyans kloti-a pou jwenn enfòmasyon sou li...*
- *Di yo tou, an plis entwodiksyon ak konklizyon, genyen 5 seyans ki se nannan pwogram nan, kidonk*

gen 5 tèm : Sewopozitivite, pwoteksyon sante, pwoteksyon sante seksyèl, rete fidèl nan swen ak tretman, estigmatizasyon ak diskriminasyon. Nan chak seyans nap pale sou yon tèm. Seyans yo dire 2 zè oswa 3 zèdtan

- Bay patisipan yo yon kalandriye pou seyans yo
- Eksplike yo tou, kouman chak seyans yo ap dewoule, pa blyie eksplike yo seyans kloti-a ki se yon seyans espesyal kap genyen pou fèt sou fòm amizman (chan, ti pyès teyat, elatriye)
- Eksplike yo pou tout seyans yo ka enteresan ak pou yo bay bon rezulta, sa mande anpil patisipasyon epi li
- enpòtan pou tout moun patisipe nan tout sa kap fèt. Yap genyen pou yo pale, poze kesyon, reponn kesyon, gade
- videyo epi diskite sou yo, fe jwèt wòl, tandé istwa epi diskite sou li, elatriye.
- Pale tou sou kèk pwen administrasyon pwogram nan tankou: enpòtans pou yo pwezan, nesesite pou yo toujou siyale pwezans yo nan chak seyans yon fason pou fasilitatè yo jwenn bon enfomasyon pou bay rapò sou aktivite a.

Apre chak pwen, envite patisipan yo poze kesyon epi bay yo repons ki klè

## 2- Pwezantasyon ak atant (40 minit)

- Pwepare plizyè ti moso papye sa depan de kantite moun ou genyen ki pwezan.
- Ekri nan yon kantite, yon moso pwovèb epi nan lòt kantite-a, lòt moso pwovèb-la. Apre sa pliye yo tout.

- *Si patisipan yo pa konn li, ou kapab fè aktivite sa avék plizyè desen ak parèy yo*
- *Di patisipan yo, li enpòtan anpil pou nou yonn konnen lòt, yon fason pou nou santi nou pi alèz nan seyans yo epi sa ap pèmèt nou patisipe pi byen*
- *Envite chak moun nan sal-la leve pou chwazi yon ti moso paye, depliye-l pou chèche parèy li epi pran yon 10 minit konsa pou yo pataje enfomasyon sa yo :*
  - o Kijan yo rele?
  - o Nan ki òganizasyon yo soti? Sa depan de gwoup-la
  - o Ki kote yo soti? ki kote yo rete?
  - o Yon bagay yo renmen ak yon bagay yo pa renmen moun fè yo
  - o Ki sa yo espere jwenn nan pwogram sa
- *Mande patisipan yo pou rete kanpe an wonn epi chak moun ap prezante patnè li a.*
- *Apre sa, mande moun ki rete menm kote oswa tou pre yo pou yo mete yo ansam pandan senk minit*
- *konsa epi fòme yon ekip, yon fason pou yo aprann konnen youn lòt, pou youn soutni lòt, youn pase chèche lòt lè seyans yo ap fêt.*
- *Di yo byenvini yon lòt fwa ankò, fè yo sonje nan ki kad seyans sa yo ap fêt, yonnan nan objektif pwogram sa-a se rive ede moun adopte konpòtman ki bon pou sante yo.*
- *Mande yo si genyen kesyon, si genyen, reponn*
- *Epi di yo kounye-a nou pral pase nan lòt aktivite ki se règ jwèt*

### 3- Règ jwèt (30 minit)

- *Eksplike patisipan yo, pou aktivite ya byen pase, li en-pòtan pou yo mete yo dakò sou kèk pwensip tout moun dwe respekte*
- *Mande yo pou di kèk règ oswa pwensip ki kapab pèmèt aktivite ya byen dewoule*
- *Make tout sou yon gran fèy papye yon fason pou yo kapab toujou sonje yo.*
- *Men kèk egzanp règ oswa pwensip :*
  - o Respekte lè.
  - o Pwezans ak patisipasyon nan tout seyans yo
  - o Telefòn sou silans oswa sou vibwasyon
  - o Tout moun pa pale ansanm,
  - o Koute lè yon lòt ap pale
  - o Leve men lè gen bezwen pale
  - o Youn respekte lòt epi respekte lide tout moun
- *Mande patisipan yo pou pwopoze kijan gwoup la ap jere moun ki pa respekte prensip sa yo.*

### 4- Pwen enpòtan pou sonje (15 minit)

#### Fè patisipan yo sonje :

- *Fason seyans yo pwal mennen an ap enteresan, lap pèmèt mete anbyans*
- *Tout moun dwe patisipe nan tout seyans yo san manke youn*
- *Li enpòtan pou yo poze kesyon, sa ka pèmèt yo patisipe epi konprann pi byen*
- *Li enpòtan pou youn respekte opinyon lòt moun*
- *Si objektif pwogram nan se rive ede moun adopte kon-pòtman ki bon pou sante yo, nan fen chak seyans*

*fasili-tatè-a, ap mande yo kouman sa ye, kijan yo te apresye seyans-la , lap bay yo tou yon tablo ki rele tablo chan-jman, yon fason pou li wè ki pwogrè ki fêt nan sans sa pou chak moun (Tablo chanjaman an anba nan nòt anplis pou moun kap mennen seyans la)*

- *Bay patisipan yo yon kalandriye pou seyans yo*
- *Eksplike yo kalandriye a jiskaske yo rive konprann li yo,*
- *Mande yo si genyen kesyon, si wi reponn jiskaske tout bagay klè pou tout moun.*

## 5- Kloti ak randevou (5 minit)

- *Di patisipan yo mèsi pou patisipasyon yo epi envite yo bat bravo pou tèt yo.*
- *Mande yo di ki pwochen randevou nou genyen, ki jou, ki lè, ki kote.*
- *Ankouraje yo pou tout moun vini a lè pou nou ka genyen kont tan pou lòt seyans la*



## NÒT POU MOUN KAP MENNEN SEYANS ENTWODIKSYON AN

**Li konseye pou :**

- Toujou gen (2) fasilitatè pou mennen seyans yo
- Lè yon fasilitatè ap pwezante, lòt la ap jwe wòl obsè-vatè pou wè si aktivite-a ap byen dewoule, si pa genyen okenn pwen enpòtan fasilitatè-a blyie, si tout mou n ap swiv, si pa gen patisipan kap dòmi, si tan ap byen jere... elatriye
- Fasilitatè yo pa dwe pale plis pase patisipan yo
- Pa mete plis ke ven (20) moun nan seyans yo
- Pa mete plis ke 5 a 6 moun nan ti gwooup pou diskisyon yo epi melanje moun ki pale anpil ak moun ki pa renmen pale
- Kite patisipan yo pale libe libè, pa jennen yo, ni pa jije yo
- Evite kòmantè ki negatiј sou patisipan yo ak sou lòt moun
- Chache konprann sa patisipan yo vle di epi pote eklèsis-man a tout pwen ki pa kòrèk
- Mande patisipan yo pou ede w jere tan

**Anvan chak seyans**

- Chèche yon bon kote pou mennen seyans la san pèsson pa deranje-n epitou kote nou kapab pase video yo alez,
- Byen li gid dyalòg yo
- Verifye si tout bagay wap bezwen, yo pare tankou, aparèy pou jwe videyo, batri pou aparèy, videyo yo,

*nòt wap bezwen, kopi, gran fèy papye elatriye*

- *Eseye jwe vidéyo yo nan aparèy ou pwal itlize a*

## Apres chak seyans

- *Fè konparezon ant sa ou te gen pou fè ak sa ou fè tout bon vre nan seyans-la*
- *Mande patisipan yo fè revizyon*
- *Mande patisipan yo di kouman sa te ye (evalyasyon)*
- *Ekri sa ki mande chanje, ni pwopozisyon ki fèt*
- *Mande patisipan yo reprann ki kondisyon ki mande pou yon moun patisipe nan pwogramm nan*
- *Mande yo pou di ki pwochen randevou ki genyen*
- *Mande patisipan yo poze kesyon epi reponn yo oswa pwomèt pou pote repons ou pagenyen la menm yo*
- *Verifiye si ou pa kite anyen nan sal-la*
- *Di patisipan yo mèsi*

## TABLO CHANJMAN SOU .....

Non patisipan an .....  
Depatman:..... Laj li : ..... Sèks li : Fi ..... Gason.....

| Kesyon pou chak Tèm diskriminasyon   | Sewopozi-tivite | Pwo tek-syon sante | Pwoteksyon santé | Rete fidèl nan-swen ak trètman | Estigmatisyon ak |
|--|-----------------|--------------------|------------------|--------------------------------|------------------|
| Dat :  | Dat :           | Dat :              | Dat :            | Dat :                          | Dat :            |
| 1. Eske w aprann bagay ki nouvo sou sijè ki te prezante a? Si wi, kisa li ye ?                   |                 |                    |                  |                                |                  |
| 2. Eske konsepsyon ou te genyen sou sijè sa chanje? Si wi, kijan?                                |                 |                    |                  |                                |                  |
| 3. Eske nan seyans sa ou aprann fè yon bagay ou pat konn fè avyan? si wi kisa li ye ?            |                 |                    |                  |                                |                  |
| 4. Eske kounye ya ou deside fè yon bagay ou pat konn fè avyan? Si wi kisa li ye ?                |                 |                    |                  |                                |                  |
| 5. Kisa w ka fè kounye ya pou w kapab chanje konpòtman menm jan ak moun ki nan video o a?        |                 |                    |                  |                                |                  |
| 6. Kisa ou ka fè kounye ya pouw ede zanni ak fanni swiv bon egzanp ke yo prezante nan video o a? |                 |                    |                  |                                |                  |
| 7. Kisa ou fè ki nouvo depi lè premye reyinyon sou pwogram byen viv la te fèt la jiska jodia ?   |                 |                    |                  |                                |                  |